

# TRANSFÈ

Yon transfè se yon echanj lajan ant de komite ki gen otorizasyon menm kandida a pou fè sa. Transfè k ap rantre a gen rapò a kantite kòb yon komisyon ap resevwa epi transfè k ap soti a gen rapò a kantite kòb lòt komisyon an ap retire nan kès li (yo rele li tou komisyon transfè).

Transfè ki fèt pi souvan se transfè ant de komisyon k ap soutni menm kandida a nan plizyè eleksyon diferan, yo rele li transfè **tip 2b**.

Pa gen limit sou kantite kòb ou kapab transfere, men tout transfè ki se kontribisyón yo pa kapab melanje ak kòb kès piblik yo.

Pou fè yon transfè, ou sipoze voye kòb la nan yon chèk, yon virman labank oswa ACH. Asire w ou konsève tout dokiman ki gen rapò ak transfè yo, tankou chèk ki anile, tranzaksyon anliy (tankou transfè labank oswa transfè ACH), bòdwo depo a ak fich bank tou de komisyon yo.

Pou transfè k ap fèt ant de komisyon ki nan CFB ou dwe fè konnen chak transfè w ap fè yo epi bay tout dokiman yo mande yo. **Ou pa oblige pase etap 1 a 4 sa yo nou pral di la.**

Si komisyon k ap fè transfè a pa youn nan komisyon CFB yo, ou dwe:

## 1. FÈ YON ATTRIBISYON DE KONTRIBISYON KI SOU-JASAN YO.

- Fè yon lis tout kontribisyón lajan komisyon transfè a te jwenn avan yo.**

Si komisyon transfè a te gentan fè deklarasyon divilgasyon devan Konsèy Elektoral [vil New York](#) [la oswa devan Komisyon elektoral federal la](#), ou kapab jwenn rapò divilgasyon sa a sou sit wèb yo genyen yo.

- Identifie nan sans kontrè dat yo (kòmanse nan dènye a pou rive sou premye a) ki kontribisyón komisyon transfè a te jwenn pou kapab jwenn kantite kòb transfè a antou.**

Kontribisyón total ki depase limit kontribisyón ak fè biznis ki anvigè pou komite benefisyè a oswa ki resevwa nan sous entèdi yo pa ka transfere. Yon kontribisyón transfere soumett anba limit doing business lan si kontribitè a te nan Baz done Doing Business la nan moman kontribisyón an te fèt la. Kontakte ajan lyezon sèvis kandida w la pou konfime si yo te jwenn oswa yo pa t jwenn yon kontribitè nan Baz done Doing Business la nan moman kontribisyón an te fèt la. Pou plis enfòmasyon sou sous ki entèdi yo, ou kapab al gade chapit 2 nan tiliv la. Kantite kòb kontribisyón yo dwe rete sou kanè bank komisyon transfè a, epi yo p ap kabab transfere l.

Si w ap patisipe oswa gen entansyon patisipe nan pwogram nan, kantite kòb ki soti nan kès piblik la pou kanpay ou a ap retire nan kantite kòb transfè a an dola, daprè règ 7-07(a).

## **2. JWENN YON KAT OTORIZASYON TRANSFÈ NAN MEN CHAK MOUN KI TE TRANSFERE YON KONTRIBISYON.**

*Y ap mande w li sèlman si komisyon transfè a pa t yon komisyon CFB epi ou gen entansyon rantre nan pwogram finansman kanpay la oubyen ou déjà jwenn sètifikasyon pou fè sa.*

Ou dwe gentan jwenn tout kat otorizasyon transfè yo nan men kontribitè yo avan transfè a fèt. Sou kat otorizasyon transfè a, deklarasyon sa a dwe parèt anwo liy ki gen siyati a ak dat la:

*M konprann kandida a pral itilize kontribisyon sa nan yon eleksyon ki differan de eleksyon mwen te bay kontribisyon sa a. Mwen konprann tou lalwa vil la egzije yon kontribisyon ki anrejistre sou non pa m epi ki soti nan lajan m. Mwen sètifye yo pa ranhouse m pou kontribisyon sa ni yo pa ranhouse okenn lòt moun daprè sa m konnen. Mwen sètifye se pa prete mwen prete yo kontribisyon sa epi li soti nan kòb pa m kote li pa genyen okenn lyen ak òganizasyon ni li pa gen lyen komèsyal.*

## **3. PA BLIYE FÈ TRANSFÈ YO SOU CHÈK, VIRMAN LABANK OSWA ACH EPI PA BLIYE TOU KONSÈVE TOUT DOKIMAN YO.**

Tout dokiman yo kapab konsève pou kanpay la se:

- chèkki anile yo;
- anrejistreman tranzaksyon anliy yo (tankou virman labank oswa ACH);
- bòdwo depo a;
- fich bank toude komite yo.

## **4. DEKLARE DEPANS KI LYE YO.**

Komite benefisyè a dwe rapòte tout depans komite transfè a te fè pandan sikl eleksyon aktyèl la ak tout depans pou ranmasay fon, kèlkeswa lè yo te fèt la. Depans ki fèt pandan sik eleksyon aktyèl la ak depans pou ranmasay fon ki asosye ak ogmantasyon kontribisyon yo transfere yo y ap retire yo nan kont limit depans ki anvigè nan moman transfè a fèt la (sa vle di, limit pou eleksyon pa deyò ane a, limit pou eleksyon primè, oswa eleksyon jeneral).

Itilize youn nan de (2) opsyon sa yo pou kalkile kantite depans administrativ oswa depans pou ranmasay lajan yo:

**Opsyon 1:** Deklare yon kantite **estimasyon depans** pou administrasyon an ak kontribisyon yo transfere yo kote w ap aplike yon montan taks fiks ("flat tax") a 15% sou kantite total lajan ki transfere a.

$$\text{Lajan ki Transfere} \times 0,15 = \text{Estimasyon Depans yo}$$

Metòd ki pi senp yo konn itilize se lè yo deklare lajan estime a kote yo aplike yon montan taks fiks ("Flat rate") a 15% sou kantite total lajan ki transfere a. Se yon bon opsyon sa ye pou kanpay yo ki: (1) ap transfere yon kantite kòb yo te ranmase nan kòlèk depi lontan sa oswa depi kèk tan, (2) antre nan plizyè fòm ranmasay lajan ki konplike, oubyen (3) pa kapab bay dokiman pou kore depans administrativ oswa pou ranmasay lajan yo.

**Opsyon 2:** Deklare **pri reyèl** pou jere ak ranmase kontribisyon ki transfere yo pandan peryòd eleksyon an ak pou ranmase kontribisyon ki transfere yo.

Bay detay sou kantite kòb ki pase nan kontribisyon yo epi bay dokiman pou kore depans ki fet yo. Li nòmal pou deklare kantite lajan reyèl la lè komisyon transfè a konnen egzakteman ki kantite kòb li depanse pou frè administratif epi nan ranmasay kontribisyon yo, tankou lè yo tout kontribisyon ki transfere yo te ranmase nan yonsèl aktivite ranmasay ak solisitasyon, epi yo kapab bay dokiman (pa egzanp. fakti ak resi).

Lè w ap deklare kantite lajan komisyon transfè a, ou dwe bay tou:

- Plizyè kopi deklarasyon divilgasyon komisyón transfè a te depoze nan konsèy elektoral yo nan Eta New York oswa vil la oswa komisyón elektoral federal la.
- Tout fich bankè ki gen rapò ak depans ki fèt pandan peryòd eleksyon an.

Se komite k ap resevwa kontribisyon yo ki dwe fè divilgasyon yo ak bay dokiman yo

## LÒT TIP TRANSFÈ YO

Transfè lajan ki fèt ant kanpay ou a ak komite yon pati ki konstitye, tankou yon pati politik lokal oswa nasyonal, yo rele transfè sa yo transfè **tip 1**. Lè se yon komisyon yon pati ki fè yon transfè pou ou pou kanpay ou a, transfè sa a ap rete nan kad yon kontribisyon. Si w nan pwogram nan, transfè pou kanpay ou a ap rete nan kad limit depans nan moman transfè a (sa vle di, limit depans pou ane a, depans primè oswa jeneral) epi sa kapab fè yo diminye nan kantite kòb ou t ap gen pou jwenn nan kès piblik la. Pou plis enfòmasyon sou dediksyon lajan piblik yo, ou kapab al gade chapit 6 [nan manyèl la](#).

Transfè lajan ant de komite k ap soutni yon kandida nan menm eleksyon pote non transfè **tip 2a** Yon moun k ap patisipe nan pwogram nan kapab genyen sèlman yon komite aktif pandan sikl elektoral la epi li p ap kapab fè tip transfè sa a.

## RAPÒ C-SMART

Ou dwe pale de chak transfè epi bay tout dokiman yo mande yo pou lòt [deklarasyon divilgasyon](#) ki gen rapò ak transfè a. Pou w kapab jwenn plis èd sou kesyon transfè yo nan C-SMART, ou kapab al gade [Komite Transfè k ap rantre yo](#) ak [Komite Transfè k ap soti yo nan Èd C-SMART](#).

## NAN LWA AK RÈG YO

Transfè yo: [Lwa elektoral NYS](#) §14-100(10), §14-102; [Lwa sou finansman kanpay elektoral](#) §3-702(9), §3-703(14); ak [Lwa CFB yo](#) 1-02, 1-07, 1-08(o), 3-03(c)(2), 4-01(b)(8).

Rediksyon Fon Piblik yo: [Lwa sou finansman kanpay elektoral](#) §3-705(8) & [CFB Rule](#) 5-01(n).